

PLENT POU PWOTEKSYON KONT ASÈLMAN G.L. c. 258E			NIMEWO DOSYE (pou tribinal la itilize sèlman)		Tribinal Premye Enstans Massachusetts	
A	<input type="checkbox"/> TRIBINAL MINISIPAL BOSTON	<input type="checkbox"/> TRIBINAL DISTRI	<input type="checkbox"/> TRIBINAL JIVENIL	<input type="checkbox"/> TRIBINAL SIPERYÈ	DIVIZYON	
B	Non ki Fè Plent lan (moun k ap chèche pwoteksyon an)			Non AKIZE A (moun yo akize pou asèlman an)		
C	Mwen: <input type="checkbox"/> Gen 18 tan oswa pigran <input type="checkbox"/> 17 tan <input type="checkbox"/> 16 zan oswa mwens Akize a: <input type="checkbox"/> Gen 18 tan oswa pigran <input type="checkbox"/> 17 tan <input type="checkbox"/> 16 zan oswa mwens  <input type="checkbox"/> Mwen poko gen laj 18 tan epi _____, _____mwenn (relasyon ou avèk moun ki fè plent lan), fè Plent sa a pou mwen.			Èske gen nenpòt aksyon anvan oswa ki annatant ant moun ki fè plent lan ak akize a? <input type="checkbox"/> NON <input type="checkbox"/> WI  <i>Si ou reponn wi, endike ki tribinal, kalite afè a, dat  la ak nimewo dosye a (si genyen)</i>		
D	<b>MWEN VIKTIM ASÈLMAN LÈ:</b> <input type="checkbox"/> nan dat oswa apepre dat ( <i>dat yo</i> ) _____ Akize a te fè 3 oswa plis zak konduit volontè ak toutespre ki te vize sou mwen epi li te fè zak yo avèk entansyon pou fè mwen gen laperèz, kraponay, abi oswa domaj nan byen mwen epi zak yo te lakòz mwen te gen laperèz, kraponay, viktim abi oswa domaj nan byen mwen toutbon. <input type="checkbox"/> nan dat oswa apepre nan dat ( <i>dat la</i> ) _____ Akize a, avèk lafòs, menas oswa kontrent, te lakòz mwen angaje nan relasyon seksyèl avèk li kont volontè mwen. <input type="checkbox"/> nan dat oswa apepre nan dat ( <i>dat la</i> ) _____ Akize a te fè yon zak kont mwen, epi zak la se te yon vyolasyon youn nan lwa ki endike anba la yo: G.L. c. 265, §§ 13B, 13F or 13H (atak chokan ak kou ak blesi), 22 oswa 22A (kadejak), 23 (detounman minè), 24 oswa 24B (atak avèk entansyon pou fè kadejak), 26C (ensitasyon yon timoun), 43 (asèlman kriminèl) oswa 43A (asèlman kriminèl), oswa G.L. c. 272, § 3 (dwòg moun pou gen rapò seksyèl).					
E	<b>POUTÈT SA, MWEN MANDE TRIBINAL LA:</b> <input type="checkbox"/> 1. bay lòd pou Akize a pa fè abi sou mwen, tankou pou Akize a pa fè domaj sou mwen, pou Akize a pa eseye fè domaj fizik sou mwen, oswa pou Akize a pa mete mwen nan sityasyon laperèz imedyat pou domaj fizik grav, epitou pou Akize a sispann fè asèlman sou mwen (1) avèk nenpòt konduit volontè ak toutespre ki vize sou mwen epi ki la pou ban mwen laperèz, kraponay, abi oswa domaj nan byen mwen, oswa (2) avèk lafòs, menase oswa kontrent pou fè mwen angaje nan relasyon seksyèl kont volontè mwen, oswa (3) avèk angajman kont mwen nenpòt zak ki se yon vyolasyon nenpòt nan lwa ki endike anba la yo: G.L. c. 265, §§ 13B, 13F or 13H (atak chokan ak kou ak blesi), 22 oswa 22A (kadejak), 23 (detounman minè), 24 oswa 24B (atak avèk entansyon pou fè kadejak), 26C (ensitasyon yon timoun), 43 (asèlman kriminèl) oswa 43A (asèlman kriminèl), oswa G.L. c. 272, § 3 (bay dwòg pou gen rapò seksyèl). <input type="checkbox"/> 2. pou bay Akize a lòd pou Akize a pa kontakte mwen, sof si Tribinal la bay otorizasyon pou sa fèt. <input type="checkbox"/> 3. pou bay Akize a lòd pou kanpe lwen kay mwen (jan sa endike nan fòm ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL MOUN KI FÈ PLENT). <input type="checkbox"/> 4. pou bay Akize a lòd pou kanpe lwen espas travay mwen (jan sa endike nan fòm ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL MOUN KI FÈ PLENT). <input type="checkbox"/> 5. pou bay Akize a lòd pou peye mwen \$ _____ kòm dedomajman pou pèt mwen fè ki endike anba la yo akòz rezilta dirèk asèlman an: _____ _____ <input type="checkbox"/> 6. pou bay lòd pou reparasyon mwen mande a, sof pou dedomajman pou pèt mwen fè yo, san preyavi pou Akize a paske gen yon gwo posiblite pou gen danje asèlman imedyat sou mwen. Mwen rekonèt, si Tribinal la bay yon Lòd pwovizwa, Tribinal la dwe pwograme yon odyans nan 10 jou ouvrab pou detèmine si yon Lòd pwovizwa ta dwe kontinye, epitou mwen dwe prezante nan tribinal la nan jou sa a si mwen vle pou Lòd la kontinye.					
Tanpri ranpli fòm DEKLARASYON SOU SÈMAN ki dèyè paj sa a, fòm ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL MOUN KI FÈ PLENT LAN, ak fòm ENFÒMASYON AKIZE a.			DAT LA		SIYATI MOUN KI FÈ PLENT LAN x	
Demann sa a se yon demann pou yon lòd sivil pou pwoteje Moun ki Fè Plent lan kont abi oswa asèlman pidevan. Aksyon Akize a ka reprezante yon krim tou ki ka lakòz Akize a tonbe anba sanksyon kriminèl. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou fè yon plent kriminèl, ou ka pale avèk Biwo Pwokirè Distri a pou kote te gen asèlman ou kwè ou viktim nan.						



# ENSTRIKSYON POU MOUN KI FÈ PLENT LAN

## LÒD PREVANSYON KONT ASÈLMAN

Dapre Lwa Jeneral Massachusetts, chapit 258E, moun ki viktim asèlman ka mande yon jij pou bay yon Lòd pou pwoteje li kont asèlman oswa abi pidevan. Ajans lapolis ap anrejistre Lòd yo epi y ap egzekite yo. Anjeneral, yo rele Lòd la Lòd pou "Prevansyon kont Asèlman" oswa "Lòd Restriksyon" oswa "Lòd 258E." Nan nenpòt ijans ki genyen apre lè tribinal fèmèn oswa nan jou wikenn, ou ka mande lapolis lokal ou pou mete ou an kontak avèk yon jij.

### OU DWE RANPLI 4 FÒM:

#### 1. FÒM PLENT LAN

Pou mande yon Lòd Prevansyon kont Asèlman, ou dwe ranpli yon fòm Plent ak lòt fòm apwopriye. Pa gen frè depo pou peye. Ou se "Moun ki Fè Plent lan." Moun ou deklare ki fè asèlman sou ou a se "Akize" a. Tanpri ekri an lèt detache, avèk yon estilo epi peze li di ase pou tout kat (4) pati yo ka libiz.

**Si nenpòt moun ki konsène poko gen laj 18 tan.** Nou mande ou pou endike sou fòm nan si oumenm ak Akize a gen laj 18 tan paske lalwa prevwa si oumenm oswa Akize a poko gen laj 18 tan, afè sa yo pa lib pou enspeksyon piblik epi yo disponib sèlman pou Moun ki Fè Plent lan, avoka Moun ki Fè Plent lan, moun ki poko gen laj 18 tan avèk paran li, responsab legal li ak avoka li.

**Lòt aksyon kitefet anvan oswa aksyon ki annatant.** Si gen nenpòt aksyon kitefet anvan oswa aksyon ki annatant nan nenpòt eta oswa peyi ant oumenm ak Akize a, tanpri pote nenpòt papye legal ou genyen nan aksyon sa yo nan sal odyans lan.

**Dedomajman Finansye.** Ou ka mande pou yon jij bay lòd pou Akize a dedomaje ou pou nenpòt pèt finansye ou fè akòz rezilta dirèk asèlman an. Kèk nan pèt sa yo se, men pa sèlman, salè ou pa touche, depans ou fè avèk lajan pòch ou pou chòk ou pran oswa pou byen ou ki domaje, depans ou fè pou ranplase seri pòt ou, depans medikal, oswa pou depans ou fè pou retire nimewo telefòn ou nan anyè, ak frè rezonab avoka.

#### 2. DEKLARASYON SOU SÈMAN

Lè ou ranpli fòm Plent lan, vire nan pati (blan an) epi ranpli deklarasyon sou sèman ki deyè a. Dekri detay asèlman an. Si asèlman an te gen ladan sèlman konduit ki te volontè oswa toutespre men ki pa t yon vyolasyon lwa kriminèl ki endike devan fòm plent lan, ou dwe deki omwen 3 ensidan apa avèk asèlman an pou ou kalifye pou jwenn yon Lòd Prevansyon kont Asèlman. Ranpli fòm deklarasyon sou sèman an menmsi ou mande reparasyon apre lè tribinal fèmèn sof si yon jij egzije lòt bagay.

#### 3. FÒM ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL MOUN KI FÈ PLENT LAN

Ou dwe ranpli yon Fòm Enfòmasyon Konfidansyèl Moun ki Fè Plent lan, ki endike adrès ou, nimewo telefòn ou ak enfòmasyon asosye. Enfòmasyon ki nan fòm sa a se enfòmasyon ki konfidansyèl epi yo pa disponib pou piblik la, pou akize a oswa pou avoka akize a. Sof avèk pèmasyon jon jij, fòm sa a ap disponib sèlman pou ou, pou avoka ou, pou moun ou bay otorizasyon pou gen aksè ladan, ak pou sèten moun lè li nesèsè pou yo pran responsablite yo (pwokirè, ofisye lapolis, avoka viktim-temwen, konseye pou kadejak).

Men, **si ou mande pou jij la bay akize a lòd pou rete lwen adrès lakay ou oswa espas travay ou, adrès sa yo ap parèt nan Lòd tribinal la. Adrès yo p ap disponib pou piblik la men n ap divilge yo bay akize a.** Si ou pa vle adrès yo parèt nan Lòd Tribinal la epi si ou pa vle yo divilge yo bay Akize a, ou ta dwe sitou mande pou yo retire yo nan Lòd Tribinal la.

Si ou gen rezon valab ki montre nou pa ta dwe divilge adrès ou oswa lòt enfòmasyon konfidansyèl ki nan afè sa a bay moun ki ta gen aksè ladan yo nan pwosesis responsablite yo (pwokirè, ofisye lapolis, defansè viktim-temwen, ak konseye sou kadejak), ou ka fè yon Mosyon pou Enfòmasyon yo Rete Konfidansyèl dapre Rè Inifòm Tribinal VIII sou Pwosedi pou Kenbe Enfòmasyon Konfidansyèl.

Lò dosye afè sa a ki nan tribinal ap louvri anjeneral pou enspeksyon piblik la. Ou ka fè yon Mosyon tou pou Enfòmasyon yo Rete Konfidansyèl si ou gen rezon valab pou mande yon jij pou bloke lòt pati dosye tribinal pou enspeksyon piblik la.

Anjeneral, yon preferans jeneral pou enfòmasyon prive pa sèlman yon rezon ki ase pou yon jij sezi dosye tribinal pou pa kite piblik la fè enspeksyon ladan.

#### 4. FÒM ENFÒMASYON AKIZE A

Moun ki Fè Plent lan dwe ranpli Fòm Enfòmasyon Akize a tou. Tanpri bay enfòmasyon nou mande ou yo dapre tout sa ou konnen pou nou kapab idantifye Akize a ak kote nou kapab jwenn Akize a. Si jij la bay yon Lòd, ofisye lapolis ap itilize enfòmasyon sa yo pou jwenn Akize a pou yo remèt li Lòd la.